Д 7159аа
А-89

SHIYRIN ATAMURATOVA



# SHU'N'KILDESKEN BALALAR

UDK: 821.512.121-053.2
BBK: 5-Qar
A-89

**Shiyrin Atamuratова**
**«Shu'n'kildesken balalar»** *(Qosi'qlar jan'i'ltpash ha'm ti'msallar),* — *No'kis:* «Qaraqalpaqstan» baspasi', 2013-ji'l. 32 bet.

Wo'zinin' balalarg'a arnalg'an qosi'qlari' menen ko'pshilikke tani'lg'an Shiyrin Atamuratovani'n' gezektegi bul toplami'nda ha'r qi'yli' mazmundag'i' qosi'qlari' menen birge jan'i'ltpashlar, ti'msallar da wori'n alg'an. Wo'zinin' poeziyali'q usi'li'na iye shayi'rani'n' do'retpeleri kishkeneler ushi'n tu'sinikli, jen'il tilde jazi'li'w menen birge ta'rbiyali'q xarakterge de iye.

**Pikir bildiriwshiler:**

**A. A'bdiev** — *Filologiya ilimlerinin' kandidati', Wo'zbekstan Jazi'wshi'lar Awqami' ag'zasi'.*

**J. Wo'teniyazov** — *Wo'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan Jazi'wshi'lar Awqami' ag'zasi'.*

RESPUBLIKALIQ MAG'LIWMAT-RESURS ORAYI
INV № 84128
T. 19

ISBN 978-9943-4172-3-6

© «Qaraqalpaqstan» baspasi', 2013 ji'l

## TI'NI'SHLI'Q

Jer ju'zine nur shashqan,
Quyashi'mi'z ti'ni'shli'q,
Qolda bekkem uslag'an,
Bayrag'i'mi'z ti'ni'shli'q.

## TILEK

Jaqsi' so'zler jayi'li'p,
Urqan atsi'n tu'birden,
Jaman so'zler joq boli'p,
Tu'sip qalsi'n so'zlikten.

## BABALAR

Bati'r boli'p, ma'rt boli'p,
Sabi'rli'qqa u'yrettin'.
Wo'mek boli'p wo'mirde,
Tuwri' joldi' ko'rsettin'.

## HADALLI'Q

U'lestirsen' azaymaydi',
Sari'plasan' kemeymeydi.
Jamanli'qti' jolatpag'an,
Hadalli'qqa dos bolaman.

## A'DIWLI XALQI'M

Yerki-i'qrari' bekkem,
A'diwli xalqi'm menin',
Hu'jdani' woyaw, sergek,
Jarqi'n i'g'bali'n' senin'.
Yelimnin' perzentleri,
Gu'lleter topi'rag'i'mdi',
Jawi'nger saqshi'lari',
Qorg'aydi' Watani'mdi'.

## QARAQALPAQ DIYARI'M

Menin' tuwi'lg'an yelim,
Woynap juwi'rg'an jerim,
Anajani'm mehriban,
Asi'g'aman men sag'an.

A'kejani'm — quyashi'm,
Shug'la shashar basi'mnan,
Su'ygen ata ma'kani'm,
Qaraqalpaq diyari'm.

## ANA TILIM

Qani'ma wo'tken su't penen,
Wo'zimnin' tuwg'an anamnan,
Ana tilim, wo'z tilim,
Arti'q mag'an jani'mnan.

Ku'ndizi shad woynadi'm.
Tu'nleri ha'yyiw ti'n'ladi'm.
Wo'zimnin' ana tilimde,
Men du'nyani' an'ladi'm.

## YELIMIZDIN' BAYRAG'I'

Jasi'l, sari', aspan ko'k,
Bayrag'i'mi'z jelbirer,
Yelimdey yel qayda bar,
Qaraqalpaq hu'r diyar.

Ko'teremiz qollarda,
Bekkem uslap joqari',
Jelbirey ber, jelbire,
Yelimizdin' bayrag'i'.

## «A'LIPBE»

Bilmes yedim ha'ripti,
Kelgenimde mektepke.

Woqi'p bildim, u'yrendim,
Raxmet sag'an, «A'lipbe».

## ANA JER

Ana jerim muqaddes,
Ha'mmenin' wol anasi',
Qushag'i' ken' bawi'rman,
Ha'mme woni'n' balasi'.

Toyg'i'zg'an ha'm kiygizgen,
Mehribani'm tuwg'an jer,
Adamlardi'n' ba'rine,
Ata ma'kan, Ana jer.

## YELIM BOLSI'N BAY, ABAT

Ata-anam sawli'g'i',
Shan'araqti'n' bayli'g'i',
Ata-anam saw bolsi'n,
Birge ju'z jasqa tolsi'n.

Xalqi'mi'zdi'n' sawli'g'i',
Yelimizdin' bayli'g'i',
Xalqi'm bolsi'n salamat,
Yelim bolsi'n bay, abat.

## TI'NI'SHLI'QTI' QORG'AYMI'Z

Shan'araqta kishkene,
Yerketaymi'z biz yele,
Ma'ha'llede u'yimiz,
Tati'wli'qti' su'yemiz.

Bolsaqta biz kishkene,
Yelimizdi woylaymi'z.
U'lkeygende, a'lbette,
Ti'ni'shli'qti' qorg'aymi'z.

## G'A'REZSIZLIK BAYRAMI'

Huqi'q berdi yelime,
Wo'nim berdi jerime,
Shi'ray berdi gu'lime,
G'a'rezsizlik bayrami'.

Jipeklerge worandi',
Alg'i'slarg'a bo'lendi,
Tabi'slarg'a aylandi',
G'a'rezsizlik bayrami'.

Danali'qti'n' jemisi,
Jarqi'raydi' shug'lasi',
Bayramlardi'n' ag'lasi',
G'a'rezsizlik bayrami'.

## NAWRI'ZI'N'I'Z MU'BA'REK

Nawri'z keldi yelime,
Jan'alandi'q, jasardi'q.
Nawri'z berdi kewlime,
Shi'ray, quwani'sh, shadli'q.

Pisirildi su'melek,
Nawri'z toyi'n toyladi'q.
Jaqsi' tilekler tilep,
Qosi'q ayti'p woynadi'q.

Da'ryami'z toli'p-tasi'p,
Arali'm suwg'a tolsi'n!
Nawri'zi'n'i'z mu'ba'rek!
Ha'r ku'nin' Nawri'z bolsi'n!

## KITAP

Kitap jaqi'n dosti'mi'z,
Bizge bilim beredi.
Wo'tmish, bu'gin, keleshek,
Wonda sa'wlelenedi.

Qa'dirleymen kitapti',
Bu'klemeymen, ji'rtpayman,
U'kelerim woqi'ydi',
Woni' jaqsi' saqlayman.

## MUG'ALLIM

Ta'lim-ta'rbiya bergen,
Qa'dirdani'm mektebim,
A'lpeshlegen, wo'sirgen,
Mehribani'm mug'allim.

Ju'regime nur bergen,
Ustazi'msan' pidayi',
Kewlin'izge jetemen,
Jaqsi' woqi'p udayi'.

## WAQI'T

Waqi't yesap wo'lshemli,
A'dalatli' hu'kimdar,
Paydalan dep wo'nimli,
Qadag'alaydi' qatal.

Ti'n'lamaydi' wo'kpeni,
Ti'n'lamaydi' giyneni,
Toqtamaydi' hesh qashan,
Ju're berer ilgeri.

## SHAY

Bunnan u'sh mi'n' ji'l buri'n,
Payda bolg'an Qi'tayda,
Unap qali'p ha'mmege,
Tez taralg'an du'nyag'a.

Shaydi' tati'p ko'rgenler,
Mazasi'na baylandi'.
Ja'ha'nnin' ko'p jerinde,
Shay u'rdiske aylandi'.

## G'A'RESIZLIK ZAMANDA

Bu'lbil jasar bag'larda,
Bu'rkit jasar tawlarda,
Biz jasaymi'z baxi'tli',
G'a'resizlik zamanda.

Gu'llen yelim ku'n sayi'n,
Xi'zmetin'e biz tayi'n.

Jaynatami'z yele biz,
Aral, A'miw boylari'n.

## ANAJAN

Anajani'm — mehriban,
Mehribani'm — anajan.
Jaqsi'lardi'n' jaqsi'si',

Anajani'm wo'zin'sen'.
Meni qanday ko'rsen' sen,
Seni sonday su'yemen.

## ANAJANI'MA RAXMET

Anajani'm nan japsa,
Sho'rek jabar mag'anda,
Wog'an su't, may qosadi',

Sho'rek iysi mazali'.
Anama mehrim bo'lek,
Japqan pa'tir, nan sho'rek.

## ANAM QUWANI'P QALAR

Tandi'r qi'zdi'ri'p anam,
Japqani'nda sho'rek nan,
Tikeshlep men sho'rekti,
Beremen qol ko'mekti.

Anam quwani'p qalar,
Kewli shadli'qqa tolar,
Pisken waqta sho'rek nan,
Kelin'ler, boli'n' miyman.

## AG'AM KELSE JUMI'STAN

Ag'am u'yde bolg'anda,
Ha'mme zat wo'z worni'nda,
Tayar turar mudami',
Awqat, shaylar waqti'nda.

Ag'am kelse jumi'stan,
Juwi'rami'z aldi'na,
U'kem menen yekewimiz,
Qushaqlaymi'z moyni'nan.

## A'KELINER A'ZIYZ NAN

Da'sturxang'a birinshi,
Ne keledi ayti'n'shi'?

Nan keledi, nan degen,
Juwap keldi izimshe.

Juwap keldi ali'stan,
Juwap keldi jaqi'nnan,
Da'sturxang'a birinshi,
A'keliner a'ziyz nan!

## BA'HA'R QAYDAN BASLANAR

Ba'ha'r qashan baslanar,
Buni' bizler bilemiz.
Ba'ha'r qaydan baslanar,
Qa'ne, ayti'n' bilsen'iz?

Biliwimshe gu'lba'ha'r,
Kewillerden baslanar.
Miyman boli'p bag'larda,
Yeriklerde g'umshalar.

## BEHI GU'LLERI

Bag'da behi gu'lledi,
Gu'li iri, qarday aq,
Quli'pnay da gu'lledi,
Suli'w behige qarap.

Behi, behi, behijan,
Gu'llerin' qarday appaq,
Bag'i'mi'zda ha'rrejan,
Pal ji'ynaydi' g'i'w-g'i'wlap.

Shiye,alma su'ysinip,
Behige qarap turar,
Behijan jupar iyisin,
Tarati'p jaynap turar.

## AYQULAQ

Jamg'i'r jawdi' ti'nbadi',
Sho'ller jasari'p qaldi'.
Juwa-juwsan ko'gerip,
Qumlar quwani'p qaldi'.

Jamg'i'r jawi'p ti'ng'an son',
Tamshi'lar tawsi'lg'an son',
Payda boldi' ayqulaq,
Jeti ren'de jarqi'rap.

## BABA DIYQAN

Jerdin' tilin tu'singen,
Jer gu'llese su'ysingen,
Da'sturxandi' tolti'rg'an,
Ha'mmemizdi toydi'rg'an,
Sizge alg'i's, sizge dan'q!
A'diwli baba diyqan!

## JAMG'I'R TI'NDI'

Jamg'i'r jawdi' tamshi'lap,
Topi'raqti' qamshi'lap,
Bunsha iri tamshi'si',
Monshaqtay ha'r qaysi'si'.
Jamg'i'r ti'ndi' ku'n shi'qti',
Jerden zamarri'q shi'qti'.

## GU'LAYI'M

Kishkene qi'z Gu'layi'm,
Minezleri a'lpayi'm,
Wo'zi baqsha jasi'nda,
Doslari' ko'p qasi'nda.

Woyna-woyna Gu'layi'm,
Wo'sip ulg'ay ku'n sayi'n.

Baqshadan kesh qalmaydi',
U'lkenlerdi ti'n'laydi',
Anasi'na ko'mekshi,
U'kesine jetekshi.

Woyna-woyna Gu'layi'm,
Wo'sip ulg'ay ku'n sayi'n.

## HA'YYIW

Ko'zlerimnin' qarasi',
Kewilimnin' ardag'i',
Aynanayi'n ay balam,
Bu'lbilimsen' bag'dag'i'.

Ha'yyiw-ha'yyiw, ay balam,
Gu'lzardag'i' gu'l lalam.

Quyash boli'p ku'lip tur,
Qushag'i'mda woynap ku'l,
Aynanayi'n ay balam,
Saw-salamat aman ju'r.

Ha'yyiw-ha'yyiw, ay balam,
Gu'lzardag'i' gu'l lalam.

## GU'LGE TOLSI'N QUSHAG'I'N'

Bayli'qlari'n' si'g'asqan,
G'umshalari'n' gu'l ashqan,
Go'zzalli'g'i'n' ku'n sayi'n,
Go'zzalli'qqa ulasqan.

Tuwg'an ana topi'rag'i'm,
Gu'lge tolsi'n qushag'i'n'.

Imaratlar boy tikler,
Suli'w baqsha, mektepler,
G'a'rezsiz yel, hu'r diyar,
Xalqi'm jasar baxtiyar.

Tuwg'an ana topi'rag'i'm,
Gu'lge tolsi'n qushag'i'n'.

## SA'LEM, JAN'A JI'L!

Sa'lem, jan'a ji'l,
Xosh keldin' yelge,
Ayaz atami'z,
Assalam sizge.

Jan'a ji'l bizge,
Arsha a'keldi.
Ayaz atami'z,
Sawg'alar berdi.

## NA'LLER KO'GERDI

Wo'zime won'ay,
Islewge qolay,
Jen'il ko'tersem,
Kishkene belshem.

Ag'am yekewmiz,
Qolda belshemiz,
Yektik na'llerdi,
Na'ller ko'gerdi.

## SHO'JELER

Birinin' izinen,
Biri dizilip,
Birinin' keyninen,
Biri jug'i'ri'p.

Sho'plerdi julqi'lap,
Tartqan sho'jeler.
Kishkene bolsa da,
Shaqqan sho'jeler.

## WO'JET BALA

Wo'jet bala,
Shan'g'alaqti',
Qarsi'ldati'p,
Tislep shaqti'.

Shaqpa dese,
Ti'n'lamadi',
Son'i'n sira',
Woylamadi'.

Wo'jet ha'zir,
Yemlenip ju'r,
Tisi awi'ri'p,
Qi'ynali'p ju'r.

## JAN BALAM

Senin' ushi'n jaralg'an,
Quyash, juldi'z, jer, aspan.
Seni su'yer jan balam,
Baqsha, mektep, jan Watan.

Muqaddes bul yelimde,
Ba'ri sag'an arnalg'an,
Abat, azat, Watanda,
Jarati'lg'an ken' imkan.

## AYLANAMAN MAYSAG'A

Jamg'i'r boli'p qalsam men,
Quyaman sho'l-sahrag'a,
Sahra sho'lin qandi'ri'p,
Aylanaman maysag'a.

## ROZA GU'L

Roza gu'lim shi'rayli',
Ha'mme wog'an qaraydi'.
Shanshi'lmasi'n tikeni,
U'zgende bol abayli'.

## NAZBAY GU'L

Nazbay gu'ldin' iysi jaqsi',
Shayg'a qosti'm da'mi jaqsi',
Iyisinen an'qi'r a'tirap,
Tuqi'mi'n yek, wo'ssin jaynap,

## GU'LLERIME QONA BER

Suw sebelep tur yedim,
Gu'lzari'mda gu'lime,
Kelip qondi' gu'belek,
Gu'llerimnin' birine.
Gu'belek, jan, gu'belek,
Gu'lzari'ma kele ber,
Qi'zg'anbayman gu'limdi,
Gu'llerime qona ber.

## XAN QI'ZI' SO'YLEYDI

Qozi' bardi' jaylawg'a,
Yerip bardi'm qozi'g'a,
Qozi' jedi sho'plerden,
Shirinjeni jedim men.

Ushi'p ju'rdim quwani'p,
Jasi'l jaylaw a'jayi'p,
Balalar, jan balalar,
Ta'biyatti' qorg'an'lar!

## TO'RT PASI'L

Bir ji'lda bar to'rt pasi'l,
To'rtewi de zor isker,
Ten'dey islep miynetti,
Ten'dey xi'zmet ko'rseter.
Qi's isleydi tayarli'q,
Ba'ha'r yegip ti'nbaydi'.
Jaz beredi ta'rbiya,
Gu'z zu'ra'a't ji'ynaydi'.

## NA'WBA'HA'R

Kelgeninde na'wba'ha'r,
Jasi'l gilem to'seler,
Maysa tu'sine yener,
Ata ma'ka'n, ana jer.

## JAZDA

Woynap suwda shomi'li'p,
Ko'lge qarmaq saladi'.
Saya-salqi'n bag'larda,
Balalar dem aladi'.

## ALTI'N GU'Z

Miywelerdi pisirer,
Japi'raqlardi' tu'sirer,
Dalalarda qi'zar is,
Yelimizde alti'n gu'z.

## GU'MIS QI'S

Ko'rinbeydi ji'l quslari',
Uzaqqa ushi'p ketipti.
Appaq, appaq qar arqalap,
Gu'mis qi's jetip kelipti.

## SAG'I'NDI'M

Diyqang'a tuqi'm sepkizgen,
Asqabaq, qawi'n yekkizgen,
Ha'mmege na'l tikkizgen,
Men ba'ha'rdi sag'i'ndi'm.

## ANAR

Alma yemes, almurt yemes,
Da'nge tolg'an, i'di's yemes,
Ashi'p ko'rsen', jemis jesen',
Wo'sireyik anar deysen'.

## KO'K ALMA

Pispegen ko'k almaman,
Ko'kley jemen' almadan,
Sa'l shi'dap tur, pisemen,
Keyin, wo'zin' u'zesen'.

## ALMA

Aq alma, qi'zi'l alma,
Mazali' shiyrin alma,
Jegin' kelip tursa da,
Juwmay awzi'n'a salma.

## TUWI'LG'AN JER

Ha'r bir qi'si'm topi'rag'i',
Ko'zge su'rme, totiya,
Sup-suli'w ha'm shi'rayli',
Wonda wo'sken ha'r giya.

## AWI'L

Awi'li'mi'z gu'llendi,
Jay sali'ndi' shi'rayli',
Ko'sheleri du'p-du'ziw,
Tap qalag'a uqsaydi'.

## TAN' SAMALI'

Yelpip yesken tan' samali',
Balali'qqa uqsaydi',
Gu'lzarli'qtan yesse samal,
Xosh iyisler taraydi'.

## DAWI'L

Bultlardi' bi'lg'adi',
Qami'slardi' qayi'rdi'.
Tereklerdi shayqalti'p,
Du'beleydi shaqi'rdi'.

## U'KEM NESHE JASI'NDA

Toldi'm alti' jasi'ma,
U'kem woti'r qasi'mda,
U'sh jas kishi wol mennen,
U'kem neshe jasi'nda?

## SHANA

Ba'ha'rde, jazda, gu'zde,
Sag'an berdik dem ali's,
Xoshlasami'z ha'zirshe,
Qi'sta birge bolami'z.

## QUWI'RSHAQ

Quwi'rshag'i'm shi'rayli',
Mag'an ju'da' unaydi',
Ta'rtipsizlik qi'lmaydi',
Ha'yyiw aytsam uyi'qlaydi',

Menin' boyi'm wo'sse de,
Woni'n' boyi' wo'speydi.
Menin' tisim tu'sse de,
Woni'n' tisi tu'speydi.

## U'LKEYGENDEY BOLAMAN

Woyi'nshi'g'i'm di'm jaqsi',
Woynaytug'i'n ha'rdayi'm,
Na'rse yemes arzi'mas,
Wolar menin' doslari'm.

Buzi'p alsam, bilmesten,
Wo'zim du'zep qoyaman.
Wolar menen woynasam,
U'lkeygendey bolaman.

## YELE BAQSHA BALAMAN

U'lkenlerdi ti'n'layman,
Kishkeneni si'ylayman.

Yele baqsha balaman,
Son' mektepke baraman.

U'ydegiler xosh qali'n',
Keshikpesten barayi'n.

Baqshami'zdi' sag'i'ndi'm,
Meni ku'ter doslari'm.

## QOYANI'M

Appaq g'ana qoyani'm,
Ko'rip woni' ayadi'm.
Ji'rti'li'p qalg'an yeken,
Woni'n' yeki qulag'i'.

Tu'sirip alg'an yeken,
Geshir jegen jerinde,
Tigip qoydi'm worni'na,
Tawi'p a'kelip demde.

## QONAQLARDI' KU'TEMIZ

Quwi'rshag'i'm, appag'i'm,
Awi'rdi'ma ayag'i'n',
Demin'di al, qarag'i'm,
Sende mendey sharshadi'n'.

Birazdan son' turami'z,
Tag'i' u'y-u'y woynaymi'z,
Miymanlardi' ku'temiz,
Quwi'rshag'i'm yekewmiz.

## SAG'I'NI'P QALAR BAQSHAM

Ma'ha'llede jasag'an,
Shan'araqlar abadan,
Si'ylasi'qli' a'lpayi'm,
Adamlari' pi'dayi'.

Qon'si'-qoba tati'w, dos,
Biri kirpik, biri ko'z.
Men tezirek barmasam,
Sag'i'ni'p qalar baqsham.

## JAN'I'LTPASHLAR

### QI'RG'AWI'L

Jiydesi ko'p awi'l bul,
Jiyde jeydi qi'rg'awi'l,
Jiydeni jep tawi'ssa,
Jigildik jer qi'rg'awi'l.

### AQ TEREK, KO'K TEREK

Qatar-qatar aq terek,
Qatar-qatar ko'k terek,
Ko'p suw isher ko'k terek,
Ko'k terekler ko'p kerek.

### AWI'LDA

Awi'lda ko'p terek tal,
Qorasi'nda qara mal,
Qoy, yeshkisi tag'i' bar,
Miywe ag'ash bag'i' bar.

### GU'L YEKTIK

U'kem menen gu'l yektik,
Ko'gersin dep suw septik,
So'ytip gu'ldi ko'gerttik,
Do'gerekti gu'llenttik.

### TAWI'Q

To'telep men tawi'qti',
Shashti'm da'ndi, qawi'qti',
Tawi'q jedi da'nlerdi,
Qaldi'rdi' tek qawi'qti'.

## SHAY ISHEMEN

Shay demlengen sha'ynekten,
Shaydi' quydi'm keseme,
Shay quyi'lg'an keseden,
Yerneginen yernime,
Tiygizip shay ishemen.

## BALI'QLAR

U'lken-kishi ko'ller bar,
Ko'lde jasar bali'qlar,
Ko'ldegi sho'p-shalan'lar,
Wog'an azi'q sanalar.

## GU'L HA'M GU'BELEK

Gu'belekti gu'l deppen,
Gu'ldey gu'belek yeken,
Gu'ller menen gu'belek,
Jasay almas hesh bo'lek.

## GU'BELEK HA'M U'PELEK

Gu'lge qondi' u'pelek,
Woni' ko'rdi gu'belek,
U'pelekke gu'belek,
Qarap turdi' shekelep.

## WO'NERMENT

Wo'neri ko'p wo'nerment,
Wo'nerin' ko'pke wo'rnek,
Miynet yetip wo'nerment,
Yenteleydi yelim dep.

## KO'K KO'YLEK

Apam kiyip ko'k ko'ylek,
Jami'li'pti' woraypek,
G'ayri' nag'i'sh gu'l bezek,
Jarasi'pti' ko'k ko'ylek.



Inv № 84128

## TUT

Tutlardi' yektim,
Tuti'm tuti'p ketti,
Tutqan-tutlari'm,
Bu'rtik ko'rsetti.

## BAG'I'M BAR

Jerdin' ko'rki — bag'i'm bar,
Yeldin' i'ri'sqi' bag'i'm bar,
Bag'da bu'lbil sayraydi',
Quslar sesti jan'laydi'.

## SI'RG'ANAQ

Sog'i'p boldi'q si'rg'anaq,
Tayi'n boldi' tayg'anaq.
Woynap ju'rdik si'rg'anap,
Ji'g'i'lmadi'q di'm biraq.

## TAL YEKKEN

I'ssi'da ko'len'ke,
Kerek dep ha'mmege.
Gu'jim ha'm tal yekken,
Atami'z yertede.

## A'TSHO'K KO'RDIM

Ko'l bettegi ko'k sho'plerge,
Ko'p shekshekler kelip qondi'.
Sheksheklerdi quwi'p a'ne,
A'tsho'kler de jeyjaq woni'.

## TASBAQA

U'yinshikti u'yip,
Tu'yinshikti tu'yip,
Arqalap arqan'a,
Barasan' qayjaqqa?
Jol bolsi'n tasbaqa!

## WOSHAQTA

Woshaqta wot pa'seyse,
Qoz g'i'jlaydi' asti'nda.
Qoz so'nedi g'i'jlag'an,
Ko'zdi ashi'p jumg'ansha.

## XI'ZMET YET

Terek ko'gert, tal ko'gert,
Alma, ju'zimdi ko'beyt.
Tu'rli-tu'rli gu'l ko'gert,
A'tirapi'n'di' gu'lzar yet.
Ma'ha'llege xi'zmet yet.

## SHAG'ALA

Jap-jasi'l jaylaw bolsa,
A'tirapi'nda ko'k maysa.
Woynap-woynap shag'ala,
Ko'k maysag'a domala.

## WORAQ

Woraqti' ali'p, turg'an worni'nan,
Jon'i'shqali'qtan jon'i'shqa wordi'm.
Wori'p bolg'anson' worg'an woraqti',
Wo'zinin' turg'an worni'na qoydi'm.

## TAMI'R MENEN JAPI'RAQ

Tami'r menen japi'raq,
Tati'w jasar dos, inaq.
Ko'rkeyedi sonli'qtan,
Jasi'l daraq jawdi'rap.

## YERINBEGEN BIR ISLEYDI

Yerinbegen bir isleydi,
Yerinshekke miynet yegiz.
Yadta saqla, yesin'de tut,
Qa'dirine jet, waqi'ttan ut.

## JULDI'ZLAR

Jarqi'rag'an juldi'zlar,
Ji'lti'raydi' shi'rayli'.
Ji'lti'rag'an juldi'zlar,
Ji'mi'n'laydi' i'mlaydi'.

## U'KEM

Shu'ldirlegen, tili qi'zi'q,
Zeyni ilgir, ju'zi i'si'q.
Qosi'q jan'lap, shertilse saz,
Basi'n bi'lg'ap qosar hawaz.

## SHU'LLIK SHANI'SHTI'Q

Aq terekten shu'llik shani'shti'q,
Shu'lliklerdi yerte shani'shti'q.
Shani'shqan shu'llik bu'rtikledi,
Bu'rtik japi'raq jayar yendi.

## TASBAQA NE DEYDI?

Tu'sirmey tas u'yinshikti,
Arqalayman tu'yinshikti.
Arqamdag'i' tu'yinshigim,
Kerek waqi'tta bolar qorg'an.
Jani'mdi' wol saqlar aman.

## QAN'BAQ

Qan'baq ti'nbay jumalap,
Bostanli'qta dumalap,
Jumalap ju'rip i'qqa,
Ti'g'i'li'pti' quwi'sqa.

## APPAQ BARLI'Q A'TIRAP

Japalaqlap qar jawdi',
Terek appaq, tal appaq,
Soqpaq appaq, jol appaq,
Appaq barli'q a'tirap.

## QAR GU'REDIK

Bizler qardi' gu'redik,
Bel yemes gu'rek penen,
Gu'resekte gu'rek penen,
Awi'rdi'-g'oy bilek degen.

## TAN' ATTI'

Tu'n serpildi, tan' atti',
Ko'kke juldi'zlar batti'.
Ku'ndiz quyash, tu'nde ay,
Tuwg'an jerdi jaynatti'.

## DA'P

Da'pti ali'p, da'pshi bala,
«Taraq-turi'q» da'pti qaqti'.
Buni' ko'rip qon'si' bala,
Da'pti qaqti' qatti'-qatti'.

## TOP

Top-top, top-top tobi'm bar,
Top woynaydi' balalar.
Topti' tewip woynadi'q,
Topti' woynap toymadi'q.

## SHU'N'KILDESKEN BALALAR

Shu'n'kildsken balalar,
Shu'n'kildese bersin.
Gu'n'kildesken balalar,
Gu'n'kildiden ti'yi'lsi'n.

## WO'NERLINI HU'RMETLE

Wo'nerlerdi u'yrengen,
Bo'lenedi hu'rmetke,
Wo'nerlige nur jawar,
Wo'nerlini hu'rmetle.

## MIYRIMLI BOL

Miynet yetip ilimli bol,
Miynet yetip bilimli bol.
Iygilikli iske jarap,
Mu'riwbetli, miyrimli bol.

## JAZG'I' JAWI'N

Jawi'n jawdi' sebelep,
Jaynap ketti do'gerek.
Jerdin' betin juwdi' wol,
Shan' tozandi' quwdi' wol.
Jawi'n islep xi'zmetti,
Bizge izzet ko'rsetti.

## PA'TPELEK

Sog'i'p aldi'q pa'tpelek,
Pa'tpelekti ushi'rdi'q.
Qayda ketti pa'tpelep,
Ko'zden woni' qashi'rdi'q.
Jibi qaldi' qoli'mda,
Ko'zim woni'n' joli'nda.

## PAL SHIN'GIRIK

Boyg'a wo'sken pal shin'girik,
Jaqsi' pisken pal shin'girik.
Pal shin'girik buwi'n-buwi'n,
Shaynap ko'rsen' bir buwi'ni'n,
Palma dersen', sori'san' suwi'n.

## YERIK PISIKTE

Yerik pisti iljirep,
Piskenlerin birimlep.
Terdik temir shelekke,
Kelin' yerik pisikte.
Shelek ali'p kelin'de,
Yerik terin' shelekke.

## QAR

Qar jawg'anda quwandi'q,
Woynadi'q qar ati'spaq,
Ton'i'p qali'wdan qorqi'p,
Kiydim baypaq, ju'n qolqap.
Ton'sa da qar, jup-jumsaq,
Jup-jumsaq qar, aq, appaq.

## HA'R BALAG'A BIR DANA

Ali'p keldi a'kesi,
Bo'lip berdi sheshesi.
Shokaladtan u'sh dana,
Bir danadan bag'ana.
U'sh dana, u'sh balag'a,
Ha'r balag'a bir dana.

## QI'S HA'M QAR

Qi's balasi' jumsaq qar,
Qar anasi' suwi'q qi's.
Ana-bala, qar ha'm qi's
Ayaz ata ha'm qar qi'z.
Qi'sta appaq qar jasar,
Qi'sta jawar jumsaq qar.

## BAYPAQ

Ayag'i'mda aq baypaq,
Quyi'p qoyg'anday shap-shaq.
Appaq qarda aq baypaq,
Kiyip ju'rmen balpan'lap.
Shap-shaq bolsa da baypaq,
Balpan'laydi' aq baypaq.

## QOYLAR AMAN QALI'PTI'

Qoy padani'n' izinen,
Ashko'z qasqi'r an'li'pti',
Shopanni'n' saq iytleri,
Jetip tislep ali'pti'.
Qasqi'r jazalani'pti',
Qoylar aman qali'pti'.

## AYQULAQ

Ko'p woqi'g'an ko'p biler,
Ta'biyatta ko'p wo'ner.
Duri'si'nda aq ren'ler,
Jeti ren'ge bo'liner.
Aspandag'i' ayqulaq,
Turar buni' tasti'yqlap.

## PAXTAKESH

Paxtakesh paxta terdi,
Paxtani' taplap terdi.
Qanada qaldi'rmastan,
Tazalap baplap terdi.
Ardaqlap ana jerdi,
Tami'zi'p man'lay terdi.
Biyik qi'rman ko'terdi,
Dan'qi'n ko'kke jetkerdi.

## SU'TILMEK HA'M GU'BELEK

Wo'sip shi'qti' su'tilmek,
Kelip qondi' gu'belek.
Sa'lem berdi gu'belek,
A'lik aldi' su'tilmek.
Su'tilmek ha'm gu'belek,
Si'bi'rlasti' yekewlep.
Su'tilmekke xosh qal dep,
Ushi'p ketti gu'belek.

## QOYANI'M

Ji'bi'rlati'p awzi'n'di',
Qi'ymi'ldati'p murti'n'di'.
Kemiresen' geshirdi,
Ti'ndi'rmaysan' urti'n'di'.
Awzi'n' ji'bi'rlay bersin,
Murti'n' qi'ymi'lday bersin.
Kemirmey tur geshirdi,
Ayasan'-shi, tisin'di.

## BILIWGE DI'M QI'ZI'QTI'M

Qozi'ladi' qoyi'mi'z,
Yeshkimiz tuwdi' i'laq.
Buzawladi' si'yi'ri'm,
Tu'ye tuwdi' botalaq.
Quli'nladi' ji'lqi'mi'z,
Woni'n' ati' quli'nshaq.
Pi'shi'q tuwdi' pi'shi'qti',
Iytim tuwdi' ku'shikti.

Atlari' di'm qi'zi'qli',
Biliwge di'm qi'zi'qti'm.

## TI'MSALLAR

### QURBAQALAR

Qurbaqalar shi'qti' jolg'a,
Azi'qlari'n ali'p qolg'a,
Tirishilik yetiw ushi'n,
Batpaqli'qqa jetiw ushi'n.

Jetiw qi'yi'n an'satli'qta,
Jaqi'n yemes batpaqli'q ta,
Jolg'a shi'qqan qurbaqalar,
Ma'nziline jetip barar.

Yerinshekler ha'm jalqawlar,
Bunnan u'lgi alsa bolar,
Qi'ymi'ldag'an qi'rdan asar,
Qurbaqalar bug'an mi'sal.

### TU'LKI HA'M SAG'AL

Tiyerme dep paydasi',
Tu'lki keldi sag'alg'a,
Yertip ketti qullasi',
Jaqsi'raq shayxanag'a.

Sag'al tu'lki so'ylesti,
Qali'n' sali'p to'sekti,
Azdi' ko'pke ten'gerip,
Ayti'sti' ko'p wo'sekti.

Wo'sek ketti balalap,
Awi'l menen qalag'a,
Sag'al qaldi' tubalap,
Tu'lki qashti' panag'a.

Yersen' yeger tu'lkige,
Yelge ku'lki bolasan',
Woylap so'yle so'zin'di,
Sen wo'zin'di woylasan'.

### ASHKO'Z IYT

Ash yeken de toq yeken,
Ashko'z iyt bolg'an yeken,
Iytler menen talasi'p,
Su'yekti alg'an yeken.

Ag'i'n suwg'a jetkende,
Payapi'ldan wo'tkende,
Ko'rinipti ko'zine,
Wo'z su'lderi wo'zine.

Ber degendey su'yekti,
Suwg'a qarap «ha'p» depti,
Su'yek suwg'a «shomp» yetti,
Izinen iyt «tomp» yetti.

Ashko'z iytke bul da az,
Woylani'p ko'rin' biraz,
Aldani'p wo'z su'lderinen,
Ayi'ri'ldi' su'yeginen.

## G'AZ HA'M KEKLIK

Ko'rip qali'p kekliktin',
Nazli' ju'ris-turi'si'n,
G'az unati'p qali'pti',
Ha'm izinen bari'pti'.

Qulaq sali'p kewline,
Yerip kewil peyline,
Keklikshelep ju'risti,
Keklikshelep turi'sti',

U'yreniwdi an'sapti',
Ku'sh-g'ayrati'n jumsapti',
So'ytip ju'rip wo'zinin',
Umi'ti'pti' ju'risin,

Sorasqang'a hal-awhal,
Aytar yeken g'az da'rha'l:
— Aqi'ldan ali'n' sabaq,
Kewilge salman' qulaq.

## JI'LG'A TALASI'W

*(A'psana boyi'nsha)*

Buri'ng'i' wo'tken zamanda,
Jan'a ji'l jaqi'nlag'anda,
Haywanlar kelgen to'bege,
Asi'g'i'p ji'ldi' ko'rmege.

Biraq tu'ye asi'qpag'an,
Qoyan hayran qali'p wog'an,
Depti: — Bosqa qalma ji'ldan,
Juwi'r tu'ye, juwi'r ji'ldam.

Keynindegi ti'shqan jetip,
Tu'yege wo'rmelep ketip,
Qulag'i'na minipti wol,
Jan'a ji'ldi' ko'ripti wol.

Soni'n' ushi'n bolsa kerek,
Nesip yetpey ji'lg'a ilmek,
Tu'ye ji'ldan bosqa qalg'an,
Ji'ldi'n' basi' ti'shqan bolg'an.

Ti'shqan, si'yi'r, bari's, qoyan,
Uli'w, ji'lan, ji'lqi', qoy,
Meshin, tawi'q, iyt, don'i'z,
Ji'ldi' usi'lay sanaymi'z-g'oy.

Kim bolsa biyg'am, biypa'rwa,
Ilinbey qalar qatarg'a.

## AQI'LLI' BAG'MAN

*(A'psana boyi'nsha)*

Sho'llerde bag' do'retken,
Yeli-xalqi'n shad yetken,
Bag'man ata bar yedi,
U'sh ul bag'i'p wo'sirgen,

Talap yetip hu'rmetti,
Islemey hesh miynetti,
U'sh uli' da bag'manni'n',
Jalqaw boli'p yer jetti.

Wo'tken sayi'n ku'n ha'm ay,
Ullari'n woylay-woylay,
Bag'man ata tosattan,
Jati'p qaldi' turalmay.

Sonda bag'man ullari'n,
Ji'ynap ali'p aqi'ri'n,
Ko'p na'siyat qi'li'pti',
Ayti'p barli'q aqi'li'n:

— Perzentlerim shi'rag'i'm,
To'menledi awhali'm,
Wa'siyati'm sizlerge,
Alti'n gu'ze qaldi'rdi'm.

Gu'ze bag'di'n' ishinde,
Ten' bo'lin'ler u'shewge,
Izlep, islep tabasi'z,
Ko'mgen yedim teren'ge.

Balalar boldi' hayran,
Ku'nler wo'tti aradan,
Izinde bag' qaldi'ri'p,
Bag'man wo'tti du'nyadan.

Wori'nlap wa'siyatti',
Ha'm ti'n'lap na'siyatti',
Perzentleri bag'manni'n',
Alti'ndi' islep tapti'.

Tabi'lmasa da gu'ze,
Jumi's berdi na'tiyje,
Bag'dan kelgen alti'ng'a,
Toldi' gu'ze bir neshshe.

Miynet — baxi't yegizek,
Jalqawli'q jaman illet,
Yerisesen' baxi'tqa,
Hadal miynet yetsen' tek.



## MAZMUNI'


Ti'ni'shli'q .................................... 3
Tilek .................................... 3
Babalar .................................... 3
Hadalli'q .................................... 3
A'diwli xalqi'm .................................... 3
Qaraqalpaq diyari'm .................................... 4
Ana tilim .................................... 4
Elimizdin' bayrag'i' .................................... 4
«A'lipbe» .................................... 4
Ana jer .................................... 4
Elim bolsi'n, bay, abat .................................... 5
Ti'ni'shli'qti' qorg'aymi'z .................................... 5
G'a'resizlik bayrami' .................................... 5
Nawri'zi'n'i'z mu'ba'rek .................................... 5
Kitap .................................... 6
Mug'allim .................................... 6
Waqi't .................................... 6
Shay .................................... 6
G'a'resizlik zamanda .................................... 6
Anajan .................................... 7
Anajani'ma raxmet .................................... 7
Anam quwani'p qalar .................................... 7
Ag'am kelse juni'stan .................................... 7
A'keliner a'ziyiz nan .................................... 7
Ba'ha'r qaydan baslanar .................................... 8
Behi gu'lleri .................................... 8
Ayqulaq .................................... 8
Baba diyqan .................................... 8
Jamg'i'r ti'ndi' .................................... 9
Gu'layim .................................... 9
Ha'yyiw .................................... 9
Gu'lge tolsi'n qushag'i'n' .................................... 9
Sa'lem jan'a ji'l .................................... 10
Na'ller ko'gerdi .................................... 10
Sho'jeler .................................... 10
O'jet bala .................................... 10
Jan balam .................................... 10
Aylanaman maysag'a .................................... 11
Roza gu'l .................................... 11
Nazbay gu'l .................................... 11
Gu'llerime qona ber .................................... 11
Xan qi'zi' so'yleydi .................................... 11
To'rt na'sl .................................... 12
Na'wba'ha'r .................................... 12
Jozda .................................... 12
Alti'n gu'z .................................... 12
Gu'mis qi's .................................... 12
Sag'i'ndi'm .................................... 12
A'nar .................................... 13
Kok alma .................................... 13
Alma .................................... 13
Tuwi'lg'an jer .................................... 13
Awi'l .................................... 13
Tan' samali' .................................... 13
Dawi'l .................................... 13
U'kem neshe jasi'nda .................................... 14

Shana .......................................... 14
Quwi'rshaq .......................................... 14
Ulkeygendey bolaman .............. 14
Ele baqsha balaman .................. 14
Qoyani'm .......................................... 15
Qonaqlardi' ku'temiz ................ 15
Sag'i'ni'p qalar baqsham .......... 15

Jan'i'ltpashlar

Qi'rg'awi'l .......................................... 16
Aq terek, ko'k terek .................... 16
Awi'lda .......................................... 16
Gu'l yektik .......................................... 16
Tawi'q .......................................... 16
Shay ishemen .......................................... 17
Bali'qlar .......................................... 17
Gu'l ha'm gu'belek ...................... 17
Gu'belekler ha'm u'pelek ............ 17
Wo'nerment .......................................... 17
Ko'k ko'lek .......................................... 17
Tut .......................................... 18
Bag'i'm bar .......................................... 18
Si'rg'anaq .......................................... 18
Tal yekken .......................................... 18
A'tsho'k ko'rdim .......................... 18
Tasbaqa .......................................... 18
Woshaqta .......................................... 19
Xi'zmet yet .......................................... 19
Shag'ala .......................................... 19
Woraq .......................................... 19
Tami'r men japi'raq ................. 19
Yerinbegen bir isleydi ................ 19
Juldi'zlar .......................................... 20
Ukem .......................................... 20
Shu'llik shani'shti'q .................. 20
Tasbaqa ne deydi? .................... 20
Qan'baq .......................................... 20
Appaq barli'q a'tirap ................ 20
Qar gu'redik .......................................... 21
Tan' atti' .......................................... 21
Da'p .......................................... 21
Top .......................................... 21
Shu'n'kildesken balalar ............. 21
Wo'nerlini hu'rmetle .................. 21
Miyrimli bol .......................................... 22
Jazg'i' jawi'n .......................................... 22
Pa'tpelek .......................................... 22
Pal shin'girik .......................................... 22
Yerik pisikte .......................................... 22
Qar .......................................... 23
Ha'r balag'a bir dana ................. 23
Qi's ha'm qar .......................................... 23
Baypaq .......................................... 23
Qoylar aman qali'pti' ................ 23
Ayqulaq .......................................... 24
Paxtakesh .......................................... 24
Su'tilmek ha'm gu'belek .............. 24
Qoyani'm .......................................... 24
Biliwge di'm qi'zi'qti'm ............ 24

Ti'msallar

Qurbaqalar .......................................... 25
Tu'lki ha'm sag'al ...................... 25
Ashko'z iyt .......................................... 25
G'az ha'm kekil .......................... 26
Ji'lg'a talasi'w .......................... 26
Aqi'lli' bag'man ........................ 37

SHIYRIN ATAMURATOBA

# SHU'N'KILDESKEN BALALAR

*Qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspasi'*
*No'kis-2013*



*Sh. Atamuratova 1949-ji'li' 7-iyulde Xojeli rayoni'nda tuwi'lg'an.*

*Miynet joli'n mug'allim boli'p islewden baslaydi'. Sh. Atamuratova ko'p ji'llar dawami'nda No'kis qalasi'ndag'i' buri'ng'i' K. Marks ha'm G'.Toqay ati'ndag'i' worta mekteplerde mug'allim, ta'rbiya isleri boyi'nsha direktor wori'nbasari' ha'm woqi'w-ta'rbiya isleri boyi'nsha direktor wori'nbasari' boli'p isledi.*

*«Wo'zbekstan xali'q bilimlendiriw ag'lasi'» ni'shani' menen si'yli'qlandi'.*

*Ha'zirgi waqi'tta hu'rmetli dem ali'sta. Shayi'rdi'n' qosi'qlari' 70-ji'llardan baslap ja'riyalang'an. Woni'n' qosi'qlari' «Jetkinshek» gazetasi'nda, «A'miwda'rya», «G'umsha» jurnallari'nda jari'q ko'rdi.*

*Sh. Atamuratovani'n' ha'zirge shekem «A'tko'nshek» (1978), «Sawg'a» (1987), «Shadli'q» (1984), «Pi'shi'g'i'm» (2011), «Sa'lem, mektep» (2012) atli' balalarg'a arnalg'an qosi'qlar toplamlari' basi'li'p shi'qti'.*

*Sh. Atamuratova 1983-ji'ldan Jazi'wshi'lar awqami'ni'n' ag'zasi'.*

ISBN 978-9943-4172-3-6

9 789943 417236

«QARAQALPAQSTAN»